

Avi Pou Fè Konnen Dènye Evalyasyon Sou Anviwònman an (EA) ak Vèsyon Ki Pa Gen Okenn Gwo Enpak (FONSI) a disponib.

Biwo Federal Otowout Triborough Bridge and Tunnel Authority Ministè Transpò Eta Nouyòk Ministè Transpò Vil Nouyòk

Pwogram Peyaj Distri Santral Biznis

Triborough Bridge and Tunnel Authority (TBTA, ki se yon asosye Metropolitan Transportation Authority), New York State Department of Transportation (NYSDOT), ak New York City Department of Transportation (NYCDOT), mete avi sa a deyò pou fè publik la konnen Dènye Evalyasyon Sou Anviwònman an (Dènye EA) ak Vèsyon Ki Pa Gen Okenn Gwo Enpak (FONSI) a disponib (ann amoni ak 40 Kòd Règleman Federal yo (CFR) §1501.6 and §1506.6) pou Pwogram Peyaj Distri Santral Biznis la (CBD) a (Pwojè a). Objektif pwojè a se pou diminye blokis nan CBD nan yon fason ki pral rantre lajan pou amelyorasyon transpò a alavni, si yo aksepte Pwojè a nan Pwogram Esè Pou Mete Pri sou sa FHWA a vo.

Ann amoni ak règleman ofisyèl yo Komite pou Kalite Anviwònman an ak FHWA mete sou pye yo ki gen rapò ak Lwa Konsènan Anviwònman Tout Peyi a (NEPA), ki se, 40 CFR Seksyon 1500-1508 ak 23 CFR Seksyon 771, Dènye vèsyon EA a te fèt pou evalye enpak ki ka gen sou anviwònman an, epi jwenn mwayen pou diminye yo, Pwojè a, pandan n ap analize sa publik la ak ajans yo panse, epi reponn kòmantè nou resevwa nan men publik la ak ajans yo anrapò ak EA nou te pibliye nan mwa Out 2022 a. FHWA fèt pou aplike Tit 23 nan Lwa Etazini (USC) § 139(l), Restriksyon sou Reklamasyon yo, nan nenpòt desizyon li ka pran ki gen rapò ak pwojè transpò publik ki pwopoze a.

Piske pwojè a bezwen jwenn apwobasyon FHWA, Pwojè a dwe aplike kondisyon ki nan 4(f) Lwa 1966 Ministè Transpò Etazini an (kounya li se 23 U.S.C. §138 ak 49 U.S.C. §303), ak FHWA k ap aplike règleman yo, 23 CFR Seksyon 774. Daprè règleman ofisyèl yo, e jan sa mansyone nan Dènye vèsyon EA a, FHWA montre gen enpak minim pou Seksyon 4(f) anrapò jan Pwojè a pral travay nan Central Park ak High Line.

Dènye Evalyasyon Sou Anviwònman an ak Vèsyon FONSI a Disponib

Peryòd 30 jou kote Dènye vèsyon EA a ak vèsyon FONSI pou Pwojè a pral disponib pou publik la ap kòmanse **12 Me 2023** e l ap fini **12 Jen 2023**. Vèsyon FONSI ak dènye vèsyon EA a ap disponib pou publik la sou entènèt sou mta.info/CBDTP, ak kopi papye nan biwo TBTA, NYSDOT, ak NYCDOT yo ak biwo FHWA yo nan New York, New Jersey, ak Connecticut. Ap gen moun k ap la pou ede w jwenn dokiman yo sou entènèt nan bibliyotèk ki nan New York, New Jersey, ak Connecticut. Pou w jwenn lis kote dokiman yo disponib yo, ale sou mta.info/CBDTP oswa rele Ekip CBDTP a nan 646-252-7440.



U.S. Department of Transportation
Federal Highway Administration



Department of
Transportation

